

# Ede Timoun Ou an Reyisi nan Lekòl Elemantè: *Konswit Abitid pou Bon Prezans*

## ÈSKE OU TE KONNEN?

- Patisipasyon nan pwogram edikasyon preskolè yo, tankou preskolè ak Pwogram èd pou Preskolè, mennen nan pi bon prezans nan jadendanfan.
- Apati jadendanfan, lè yon elèv rate 10% nan lekòl (oswa sèlman 2 jou chak mwa) sa ka rann li plis difisil pou aprann li epi sa ka mennen reta eskolè lakay timoun yo.
- Bon prezans, keseswa kou a ap fèt an pèsòn oswa distans, sa ka ede timoun nan travay byen lekòl, epi pi devan travay byen nan espas travay la.

## SA OU KA FÈ

### Kominike avèk Lekòl la

- Kontakte pwofesè timoun ou an(yo) epi fè yo konnen fason yo ka kontakte w.
- Poze kesyon konsènan politik lekòl la sou prezans.

### Fè De Prezans Lekòl la yon Priyorite

- Etabli woutin pou lè dòmi, pou reveye ak pou ale nan kou.
- Devlope plan sekou pou mennen timoun ou an lekòl.
- Lè lekòl la ap fonksyone, evite sòti an fanmi ki pwolonje yo ak randevou medikal ki pa ijan yo.
- Poze pwofesè timoun ou an kesyon konsènan prezans epi rakonte pwofesè a tout enkyetid ou genyen.

### Ede Timoun Ou An Rete An Sante epi Angaje

- Kontwole prezans ak patisipasyon timoun ou an; epi kontakte pwofesè a pou fè fas ak enkyetid yo.
- Asire w ke timoun ou an pran vaksen pou grip la ak lòt piki ki obligatwa yo.
- Chèche konnen si timoun ou an santi li san danje kont entimidasyon. Asire w ke politik sou disiplin lekòl la pa fè timoun ou an vin dezangaje oswa kite lekòl la. Si sa yo se pwoblèm, travay avèk lekòl la pou jwenn yon solisyon.
- Si timoun ou an sanble anniyè oswa anksye konsènan lekòl la, pale avèk pwofesè yo, konseye lekòl yo, oswa lòt paran pou jwenn konsèy sou fason pou fè yo santi yo alèz epi kontan konsènan aprantisaj yo.
- Mande èd lè ou bezwen l. Manm pèsònèl lekòl la, founisè pwogram aprè lekòl yo, ak lòt paran oswa ajans kominotè yo disponib pou ede fanmi yo jwenn manje oswa lojman epi fè fas ak lòt eksperyans ki rann li difisil pou asiste ak patisipe.